


Agatabu kisungwa n'umwigeme yatwaye inda akiri umuyabaga mu guhanura no gutera intege abandi mu bibazo bahura vyerekeye ironzoka rijanye n'amagara meza



Nyakanga 2022

URUTONDE RW'IBIRIMWO

INTANGAMARARA.....	4
1. "Umugenzi wanje aguma andyosharyosha ngo tugire imibonano mpuzabitsina"....	6
2. Umukobwa afise ubwoba bw'uko yoba yaratwaye inda.....	9
3. Umukobwa atwaye inda atipfuza.....	11
4. Gushurashuzwa ku gahato.....	15
5. Kuryosharyoshwa n'abamukurira bikavamwo kumusambanya.....	19
6. Umuryango ushaka kurongoza ku gahato umwigeme yatwaye inda atipfuje.....	23
7. Umuvyeyi arankiye umwana kuja mu nyigisho z'irondoka rijanye n'amagara meza..	26
8. Umukobwa yavyaye akumirwa asubiye kw'ishure.....	29

INTANGAMARARA

Mu gufashanya kuri hagati y'Umugambi w'igihugu ujejwe irondoka rijanye n'amagara meza (PNSR) wo m'ubushikiranganji bwo kubungabunga amagara y'abantu no kurwanya Sida n'umugambi ujejwe irondoka rijanye n'amagara meza w'ishirahamwe GIZ, ku buryo butangwa n'ubushikiranganji bw'Ubudagi bushinzwe gufashanya n'amakungu, ubutunzi n'iterambere (BMZ) haraheze igihe kitari gito buronsa inyigisho abigeme bavyariye iwabo kugira babashigikire nabo bashobore kuronka ubumenyi mu vyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza.

Kubera ingorane baba baracyemwo, vyaragaragaye ko abo bigeme kenshi biturwa na bagenzi babo iyo bashikiwe n'ibibazo bisa n'ivyo nabo baba baracyemwo.

Turavye urwo ruhara mu kuganiriza urundi rwaruka, ariko bidasigura ko basubirira abarezi babinon-osoze, ni ngombwa kubemerera gutanga impanuro zoroshe kandi zumvikana, cane cane mugihe co kurungika urwaruka mu bigo vyabigenewe nko mu mavuriro matomato canke mu bigo bijejwe ingo n'imiryango.

Bisunze ivyo bamaze kurangura, barashizeho uburyo bwo guhanahana amakuru kugira bahe intumbero ibikorera urwaruka kugira barufashe guhangana n'ibibazo bigeramira irondoka rijanye n'amagara meza ryabo.

Ni muri iyo ntumbero babona ko bikenewe ko boshiraho uburyo bwofasha urwaruka n'abagize inani (amavuriro, amashure, amashirahamwe y'urwaruka, igisata kijejwe iterambere ry'ingo n'imiryango ...) ingene bohanura bakongera bagatera intege urwaruka kugira rushobore gufata ingingo zirashe iyo bahuye n'ibibazo bibangamira irondoka rijanye n'amagara meza.

Aka gatabu karashikiriza ibibazo imiyabaga ikunda guhura navyo (abahungu babaryosharyosha babakwegera mu busambanyi, gushurashuzwa ku gahato, gutwara imbanyi itifujwe n'ibindi ...).

Aka gatabu kagenewe cane cane gukoreshwa n'urwaruka, nk'akarorero nk'umwigeme yavyariye iwabo aronse umugenzi aza kumwiganira ingorane afise. Ariko karashobora kandi gukoreshwa n'uwariwe wese atari umuvuzi akeneye guha impanuro zibereye urwaruka rugeramiwe n'ibibazo bijanye n'ingorane zerekeye irondeka rijanye n'amagara meza.

Aka gatabu kishura ku bibazo umunani (8) bikunda gushikira urwaruka, gashimikira ku butumwa burashe bwofasha urwaruka gutora inyishu y'ibibazo bahura. Ifishi yose y'ibibazo iteguye uku :

1. Ingorane nyamukuru
2. Intangamarara ngufi isigura ingene ikibazo cifashe
3. Urutonde rurashe rw'impanuro zotangwa, ivyofasha umwigeme yavyariye iwabo gushobora kuremesha ikiganiro mu buryo burashe kandi bwumvikana
4. Ubutumwa burashe n'ico amategeko y'Uburundi avuga kuri ico kibazo.

1. “ Umugenzi wanje aguma andyosharyosha ngo tugire imibonano mpuzabitsina ”


Abigeme bavyaye bakiri imiyabaga barashikirije kenshi ko abahungu bigira nk’abagenzi babaryosharyosha canke bakabafata ku nguvu ngo bakore imibonano mpuzabitsina batarubaka ngo babereke ko babakunda babasezeranira ko bazokubakana. Umuyabaga aje ku kwitura yidoga ko umuhungu aguma amudyoshadyosha ngo bakore imibonano mpuzabitsina.

1. Mwinjize mu kiganiro **umufashe kwiyumvira ico yipfuzaga gushikako murukundo** rwabo n’uwo muhungu n’ibituma yipfuzaga kubangira. Musigurire neza ko niba asobanukiwe neza kuri izo mpamvu ziwe, bizokworoha guhagararira neza ivyo we yemera.
2. Mwibutse neza ko hari impamvu nyinshi kandi zumvikana ko umuntu ategerezwa kwihangana kandi **ko kugira imibonano mpuzabitsina bidatuma bazokwubakana** n’uwo muhungu. Izo mpamvu nazo ni izi:

- Impamvu zifatiye mu kwemera kwiwe (croyance religieuse)
- Kumenya akarangamutima k’umuntu imbere yuko mukora imibonano mpuzabitsina
- Kwirinda indwara zifatira mu bihimba vy’irondeka no gutwara inda utipfuzaga
- Gufata umwanya wo kwiyumvira mugufata ingingo.

3. Kumugira inama yo kwirinda kugwa mu mutego wo kwizerana no **kumwankira rwose icitwa imibonano mpuzabitsina, mugihe amuhendahendesha kumwemerera utaganuke:**

ategerezwa gushiraho akarimbi ntarengwa mu vyerekeye urukundo, avugisha ukuri kandi agushimangiye (**kutabona neza ico ushaka no kutavugaga utomoye ico ushaka birashobora gufatwa nkuko umengo wemeye**).



4. Mwibutse ko hari ibinyoma vyinshi abahungu bamwe bamwe b'ingeso mbi bashobora gukoresha kugira bamutirimutse ariko umwibutse neza **ko gukora imibonano mpuzabitsina mutarubaka biciye mu mategeko bishobora gukwega ingaruka mbi nyinshi.**
5. Umushingire **intahe yawe** niwaba wumva bikworohera kuyivuga kandi ubona ko hari ico ishobora kumufasha.
6. Mwibutse ko **umwigeme ashoboye co kimwe n'umuhungu,** ko ashobora kurondera akoresheje ubwenge n'inguvu vyawe mu kwiteza imbere atarinze kuzera inze ku muhungu ashaka kumukwegera mu ngeso mbi. Mubwire ko ivyo ariko aramwemerera nk'aganuke n'ibindi nawe nyene ashobora kuvyironderera.
7. Mwibutse **ko imibonano mpuzabitsina yemerewe abantu bakuze kandi bubakanye biciye mu mategeko,** ko birya abona mu mareresi atari ukuri ari ivyo kumusamaza.
8. Mwumvishe neza ko **yokwirinda kugumana n'uwo muhungu, ari bonyene ahiherereye, kandi ko niyaba amukunda koko atazomuhe- beshwa n'uko yanse ko bagira imibonano mpuzabitsina.**
9. Urashobora kandi **kumutera intege ko yokwitura** abavyeyi, ivuriro mugenzi w'urwaruka canke abaremashakiyago kugirango bamuhe impanuro zibereye.
10. Musigurire ko **umuntu avuga ko amukunda ategerezwa gukora ibishoboka vyose kugirango amurinde** ikintu cose comukwegera mu bushurashuzi.
11. Musabe ko **mwo subira kubonana hamwe yoba avyifuzza** kugira ngo ushimangire impanuro uhejeje kumuha.

Ubutumwa wokwitwararika kumenya:

Umwigeme aje akwitura yidoga ko hari umuhungu aguma amuhendahenda ngo bagire imibonano mpuzabitsina, mu ntumbero yo kumwereka ko amukunda canke amwemerera ko bazubakana, mwibutse ko ingingo yo kwirinda gukora imibonano mpuzabitsina ari ingingo, afata kubushake bwiwe kandi ko atamuntu numwe yobimuhatiramwo.

Ivyo bifatwa nkihoterwa naho ata nguvu zoba zagiye mw. Umwunganirarunganwe ategerezwa kumusaba kwirinda mu buryo bwose bushoboka gukora imibonano mpuzabitsina atarubaka kuko bifasha kuzigama ubusugi bwiwe, kwirinda gutwara inda hataragera, indwara zifatira mu bihimba vy'irondeka na Sida. Yomusigurira neza mu bwitonzi ntangere ko ikigaragaza urukundo atari kurangura iyo mibonano, ahubwo ari gukingira uwo ukunda izo ngaruka mbi twadondaguye. Yomubwira ko ata na kimwe gisigura ko uwo muhungu wemereye ko mukorana imibonano ariwe muzokwubakana, ko **n'abahungu benshi mbere bageze kwubaka barondera abakobwa bakiri isugi.** Hamwe umukobwa yoshikiriza ko yamaze kumwemerera ko bakora iyo mibonano mpuzabitsina, **woca umwibutsa izo ngaruka mbi kugira ngo yifatire ingingo yo kubihagarika.** **Kwibutsa mu kiganiro ko ari ngombwa ko umwigeme ategerezwa kurondera igikorwa comwinjiriza amahera kugira ntiyame ateze amaboko abavyeyi canke abahungu.**

2. Umukobwa afise ubwoba bw'uko yoba yarasamyeye inda

Abigeme bavyariye iwabo barashikirije ko kenshi hari abigeme b'imiyabaga iyo bishitse bakarwa mw'isanganya bagahuzanya ibitsina, bakicura ko batwaye inda **babura uwo bitura ngo abafashe kumenya ko arivyo canke atari vyo**. Mbere ivyo bituma benshi muri bo ataco bakora gushikaho ibimenyetso vyuko bafise inda bigaragara batigeze baja no kuyisuzumisha . Ni ngirakamaro rero ko womenya impanuro zirashe uha abigeme baje bakugana bafise ubwoba ko boba baratwaye inda.

1. Mubwire **ko yagize neza kuza kukwitura** kandi ko atariwe wenyene akwituye hariho n'abandi.
2. Mubaze ko yoba yakoze imibonano mpuzabitsina ata gakingirizo Musigurire ko nimba vyarashitse agakora imibonano mpuzabitsina atagakingirizo, ko hari impamvu yo kwikeka ko yatwaye inda.
3. Musigurire ko naho yoba yarikingiye, amakenga atobura ko ashobora kuba yarasamyeye kandi ko niba isango ryo kuja mu butinyanka ryararenze **bishoboka ko ari ikimenyetso c'uko yoba yarasamyeye**.
4. Muhanure ko yokwitura ivuriro kugira bamusuzume ko yoba yarasamyeye. Usanze afise ubwoba mubaze ko womuherekeza.
5. Musigurire ko nimba atipfuzako umuherekeza kw'ivuriro, ko mushobora kuzobiyaga haciye iminsi.
6. Musigurire ko kw'ivuriro rimwegereye **bakora ibipimo vyo gusuzuma ko umuntu yasamyeye inda n'izindi ndwara zifatira mu bihimba vy'irondoka**.
7. Musigurire ko **kubimenya bifise akamaro gusumba kurekerana** kuko ashobora kuharonkera impanuro n'ubufasha bundi butandukanye.
8. Kubimenya bigabanya ubwoba, bikaremesha, bikanagabanura ingaruka mbi zomushikira ku magara yiwe.



9. Musigurire neza **akamaro ko kuja kwa muganga hakiri kare:** ko ibipimo arivyo vyonyene vyemeza ko afise inda canke atayo afise.
10. Mubarire ko iyo basanze afise inda, bamuha impanuro bagaca **bamupima n'umugera wa Sida.** Gutyo, basanze awufise baca bamushira ku miti ikingira umwana ari mu nda. Na we nyene araharonkera ubufasha bujanye n'umugera wa SIDA n'ibindi vyose bakorera umukenyezi yibugenze.
11. Basanze atasamye, **uca uronsa uwo mwigeme impanuro ukuye muri fiche n°1** kugira yirinde uburyo bwose bwotuma akora imibonano mpuzabitsina.
12. Basanze afise imbanyi, **ushobora kumusaba ko mwoza murayaga kenshi** kugira umutere intege zo kubibwira abavyeyi na se w'umwana no gukurikirana neza imbanyi.

Ubutumwa wokwitwararika kumenya:

Kugira ushobore gushigikira umukobwa aje akugana afise amakenga/ubwoba ko yoba yarasamye inda, ni ngirakamaro kumenya ko mwobanza kuganira ukamubaza ko yoba yakoze imibonano mpuzabitsina atikingiye. Umwunganirarunganwe yomusigurira ko ari **nkenerwa cane kwihutira kuja kwivuriro rimwegereye.**

Kumusigurira ko umuremeshakiyago canke kwivuriro ariho bapima ko yasamye. Kwa muganga iyo basanze atasamye, umwunganirarunganwe aca aronsa uwo mwigeme impanuro zerekeye ingorane zomushikira aranguye imibonano mpuzabitsina atarubaka.

Iyo kwa muganga naho bamupimye bagasanga afise inda kandi afise n'umugera wa Sida baca bamushira ku miti ituma atanduza umwana yibugenze.

3. Umukobwa atwaye inda atipfuza

Abigeme bavyariye iwabo barashikirije ko kuba uri umwigeme ugatwara inda utipfujye vyabashize mumayira abiri, mbere bamwe muribo bakiyumvira no kuyikorora. Kukaba nkako, umwigeme afise inda ashobora gushikirwa n'ingorane zitari nke. Abigeme batari bake barashikirije imvo nyamukuru zituma abigeme biyumvira gukorora inda :

- Guheba amashure
- Guhebwa n'uwayimuteye
- Ubwoba bwo kubura uburyo bwo kurera umwana
- Kubonwa nabi no guharirwa ivomo mu muryango no mu kibano.

Bake muribo nibo bashikirije ko abakobwa batinya gake inkurikizi zobashikira ku magara yabo canke inkurikizi zova k'ubutungane.

Nico gituma ari vyiza kwumviriza no gutahura umwigeme aje akugana agutura ingorane zijanye n'uko afise inda. Ufise uruhara rwo kumufasha atari urwo kumucira urubanza.

1. Tangura umubwire ko umutahura, kandi bibabaje **ariko uri ngaho kugira umwumvirize mw'ibanga kandi utariko umucira urubanza.**
2. Mubaze ko yoba azi neza ko afise inda canke yagize ubwoba ko yoba ayifise (atavyo azi, isunge fiche n°2 y'impanuro).
3. Mumenyeshye ko **gukoroza inda bitemewe nagato n'amategeko y'Uburundi**, baramuhana mbere bakanamufunga.
4. **Gukoroza inda bishobora gukwega inkwirikizi zitari nke** nko: kuhasiga ubuzima, ubugumba, kwandura indwara zitandukanye, gupfungwa n'ibindi.
5. Musigurire ko aha mu Burundi inkwirikizi zo gukoroza inda ari zo zikomeye gusumba gutwara inda.



6. Muhanure **ko jobibwira abavyeyi :**
 - Kubivuga hakiri kare bizotuma baronka akanya ko kuvyakira mbere banamufashe.
 - Mubaze uko imigenderanire iri hagati yiwe n'abavyeyi yifashe. **Rabira hamwe nawe uburyo bwiza jobibashikirizamwo.**
 - Ukurikije amakuru waronse, womubwira akarondera **umuntu w'umwizigirwa** (umuntu akora kwa muganga, umumenyeshamana, umuntu wo mu muryango) yomufasha
7. Muhanure **abibwire uwamutwaje inda** umwereke akamaro ko kubimubwira n'inkwirikizi zo kutabimubwira.
8. Mumenyeshe ko hamwe uwo yayimutwaje yomuhatira kuyikorora yomwankira, mubwire ko **ategerezwa kwihagararako akagusaba n'impanuro** hamwe ivyo vyoshika.
9. Mubwire ko guteba kubibwira abo twadodandaguye aho hejuru ataco bizomwungura kuko nubundi bitegerezwa kuzomenyekana arico **gituma jobibamenyesha hakiri kare.**
10. Muhanure **kuja kw'ivuriro kugira bamufashe kubungabunga amagara y'iwe n'ay'ikibondo yibun genze** mu gusuzuma inda, mu kwikingiza rudadaza mu gusuzuma indwara zifatira mu bihimba vy'irondeka n'umugera utera SIDA n'ibindi.
11. **Mubwire ahantu hose ashobora kuronka ubufasha** (akarorero : umuntu wo mu muryango yizeye, ikigo c'ingo n'imiryango CDFC, ishira hamwe ry'abigeme bibarukiye iwabo,)
12. **Musabe ko mwo subira kubonana nimba avyifuzwa** kandi umwibutse ko atari we wenyene, hariho abandi bantu bamutahura kandi boshobora kumushigikira.
13. Mubarire ko niyibaruka azokwitwararika :
 - Kwandikisha umwana hatarenze iminsi 15
 - Kuronsa umwana incanco zose
 - **Kudasubira gutwara iyindi nda**
 - Isuku ry'umubiri
 - Gufungura imfungurwa zibereye (zikwiye)
 - **Kwiyungunganya kugira ntagume ateze amaboko**
 - kuzosubira mw'ishure mugihe yari umunyeshure
 - Gushira mw'ishure umwana hageze ko atangura.

Ubutumwa wokwitwararika kumenya :

Iyo umwigeme akubwiye ko yibungenze, ica mbere ni ukuyaga na we. Mu gihe wumvise ko yoba afise icipfuzo co kuyikurayo womwumvisha ingorane n'inkurikizi zo gukorora inda : kuhasiga ubuzima, ubugumba, gufungwa, n'ibindi ...kandi ko bitemewe n'amategeko mu Burundi.

Fata umwanya ukwiye wo guhanura umwigeme, **mutahuze gukurikirana inda yiwe no kutiyumvira** kuyikorora hamwe n'akamaro ko kuja kwa muganga ngo bamufashe kuyikurikirana, kwipimisha indwara zifatira mu bihimba vy'irondeka n'umugera wa Sida, kwibarukira kwa muganga kugira ntazoshikirwe n'indwara yo mu kigo n'izindi nkwirikizi mbi zosinzikaza amagara yiwe.

Saba uwo mwigeme ko woza uramugendera muhira iwabo, cane cane mu mezi yambere yo kwibungenga, kugirango umufashe kurengera ico kibazo. Utegerezwa gutahura ko uruhara rwawe ari urwo guhanura uwo mukobwa ariko **kugira uhanure abo mukibano ntibamucire umukenke utegerezwa kubifashwamwo n'abantu bakuze** (CDFC, abajejwe intwari, abaremeshakiyago, abamenyeshamana).

Wogerageza kwama ugendera uwo mwigeme cane cane mu gihe imbanyi ikiri mu mezi ya mbere y'agasamo kugira umugabanye agahinda.

Umwigeme asohotse ivuriro canke ibitaro ntiyokwibagira gusaba urupapuro azotanga mu biro ndangamuntu kugira umwana aronke urupapuro rwemeza amavuka yiwe, hatarenze iminsi 15 avutse itegekanijwe mu mategeko y'iburundi .

Urasigurira umwigeme akamaro ko kwandikisha umwana mu bitabo ndangamuntu: amateka y'igihugu, kuronswa ivyo arekuriwe bijanye no kuvurwa, kuja mw'ishure, ubwenegihugu, akazi n'ibindi.

Bisubiye, umwigeme yosigurirwa ineza yo **gusubira kubandanya amashure** mu gihe yari asanzwe ari umunyeshure hisanzwe amategeko agenga amashure. Hamwe uwo mwigeme atari asanzwe

nokuja mu mashirahamwe yo kwiteza imbere ntahave abura ico akora bigatuma asubira gutwara iyindi nda atifuza hamwe no kumurinda kwikumira.

Ni ntangere kumenyesha uwo mwigeme akamaro ko kwirinda imisore n'abagabo bipfuzza ku-mushurashuza bitwaje ubukene arimwo ari naco gituma yomenya ingene azovyirinda na cane cane mukuronswa impanuro nziza **n'ibikorwa vyo kwiteza imbere.**

Amategeko y uburundi avuga kubijanye no gukorora inda itegeko 1/27, igitabo c'amategeko mpana vyaha 2017, Umutwe wu 8 - Ivyaha vyerekeye umuryango Umutwe wa 1 - Ivyaha vyo gusambura imiryango 1 - Gukorora inda: ingingo ya 528 kugeza 534.

Ingingo ya .577. Havurwa ko habaye gufata ku nguvu mu gihe habaye igikorwa cose kijanye n'ubushurashuzi uko comera kwose n'uburyo ubwo ari bwo bwose bukoreshajwe, gikorwa n'umuntu akuze agikoreye uwundi umuntu akiri muto atarakwiza imyaka 18 naho boba bavyumvikanye. Havurwa kandi ko habaye gufata ku nguvu no gukubagurwa. Bifatwa kandi ko habaye gufatwa ku nguvu, kwegeranya imibiri gusa ibitsina vyakorewe umwana atarakwiza imyaka cumi n'umunani, naho yoba yavyemeye.

4. Gushurashuzwa ku gahato

Abigeme bavyaye bakiri abayabaga barashikirije ko **haraho bishika abigeme bagashurashuzwa ku nguvu ariko bagatinya kubimenyeshya** ku mvo zitandukanye :

- Gutinya gukumirwa
- Gutinya gukorerwa ikibi n'uwabimukoreye
- Umubabaro urengeje utuma yigunga, n'ibindi.

Mugihe umwigeme akwituye akubwira ko yafashwe ku nguvu, birihutirwa ko aronswa impanuro ku bufasha bwihutirwa.

1. **Mushimire ko atavyigumijemwo akaza kukwitura.**
2. Muhumurize **umubwire ko ivyamushikiye atari ikosa ryiwe.**
3. Mubwire ko iyo umuntu yashurashujwe ku gahato, naho ata nguvu zoba zaragiyemwo mugabo ko babikoze batumvikanye **ko ari ngombwa kwitura ivuriro/ibitaro imbere y'amasaha 48 kugira bakingirwe umugera wa sida n'imbere yamasaha 72 kugira babakingire inda batipfuzya, kuko inyuma yayo masaha bitazoba bigikunda gukingirwa inda n'ukuronka ibimenyetso vyuko yashurashujwe.** Ariko naho ayo masaha yoba yarenze yokwitura ivuriro kugi ra bamufashe ibindi.
4. Musigurire ko naho yarengewe nivyo arimwo, **bikenewe ko aronka icemezo ko yashurashujwe ku nguvu gitangwa no kwa muganga hamwe yogikenera mu nyuma kugira yiture ubutungane.**
5. Mubarire ko kwivuriro bashobora kumukingira vyihuta gutwara imbanyi atipfuye, kumukingira indwara zifatira mu bihimba vy'irondeka harimwo na sida.
6. **Musabe ko womuherekeza kw'ivuriro** canke mu bindi bigo nk'umuntu w'umwizigirwa.
7. Atipfuzya ko umuherekeza, **mubwire bibaye nkenerwa arondere uwundi muntu w'umwizigirwa** yomuherekeza.

Ntugire ubwoba bwo kuja kwa muganga, baragufasha!



8. Mubaze **ko abavyeyi biwe bazi ivyamushikiye** batabizi mubibamenyeshe.
9. Musigurire **ko bikenewe gukurikirana uwamushurashuje** mu butungane (kugira akingire abandi yohava ashurashuza:
 - Mubwire **ko umwumvikano n'uwamushurashuje udashoboka ko n'amategoko y'uburundi atavyemera.**
 - Muhanure ko yomwitwarira mu butungane kugira basohore **urupapuro rwo kumurondeza.**
 - Kumuherekeza mu kigo gifasha mugihe basanze afise umugera utera sida.
10. Uko ingingo yose yoba yafashe imeze, musabe **ko mwosubira kubonana** kandi umubwire ko **haraho vyokenerwa ko yosubiramwo ivyamushikiye** haba kwa muganga canke mu gipolisi. Umubwire ko bigoye kwakira mugabo **ko ategerezwa guhagarara rugabo akavuga ivyashitse naho bomugirako iterabwoba mugabo vyiza nuko yoshigikirwa.**

Ubutumwa wokwitwararika kumenya :

Birakenewe kwumvisha umwigeme akamaro ko kwitura abamufasha, kumwumvisha ko ivyamushikiye atari ikosa ryiwe. Umubwire ko **kuvuga ivyamushikiye bishobora kugira ingaruka mbi : hariho abazovuga ibitarivyo, kumwiyumvira ukutariko, ko hariho abatazomutahura mugabo ko ategerezwa guhagarara rugabo kuko gushurashuzwa ari icaha kandi gitegerezwa guhanwa.** Utegerezwa kumugabisha ko **inyuma yivyamushikiye, abahungu canke abagabo b'ingeso mbi bashobora kuzorondera kumushurashuza** kandi, ko ategerezwa rero kubirinda na cane cane abicishije ku mpanuro nziza n'ibikorwa bimwinjiriza amafaranga. Inyuma y'ikiganiro, **utegerezwa gutegura ingene uherekereza uwahohotewe, ukanamenya uko biriko biragenda** kugira ubandanye umufasha iyo abishaka.

Kuvyerekeye ivyihutirwa, birakeneye kumumenyesha ivyo igihugu c'Uburundi gitegekanya. **Mu gihe umuntu yashurashujwe ku gahato,** vyama **bikenewe ko yitura ivuriro hatarenze amasaha 72** kuko arindiriye ntivyokworoha kumukingira imbanyi no kuronka ivyemezo ko yashurashujwe.

Mumenyeshe ko ku bitaro bamugirira ibitegekanijwe vyose kuva bamupima umugera wa SIDA gushika bamubwire inyishu.

Hamwe gushurashuzwa ku gahato vyoba vyabaye **hatararenga amasaha 72, baca bamuha uburyo buhagarika vyihuta gutwara imbanyi. Abavuzi baregeranya ibimenyetso biboneka** vyotuma umuganga abisabwe n'inyamiramabi yandika urupapuro rwemeza ko habaye ugushurashuzwa ku gahato.

Igihe ugushurashuzwa ku gahato vyemejwe, **inyamiramabi ica irungika icegeranyo muri parake nayo igahaheza igashengeza uwabikoze muri sentare ibiftiye ububasha.**

Ivyo vyose biheze, haba hasigaye gufata uwashurashuje umwigeme ku gahato.

Wofasha uwashurashujwe ku gahato gutondeka ibirego vyotuma ashobora kwitura ubutungane ukongera ukamusigurira hamwe n'abavyeyi biwe **ko batohirahira ngo bemere kwumvikana n'uwakoze ico caha canke ngo yemere ko abashingantahe baja mu vyo kubumvikanisha.**

Wokwongera **ugafasha uwashurashujwe kwitura inyamiramabi, ukanamufasha kumenya ibigo biri hafi vyomufasha kuburana.**

Kubera ko gushurashuzwa ku gahato vyonona mu mutwe no ku mubiri uwabikorewe, **worungika umwigeme mu bigo bifasha mu vyerekeye inyifato n'imibereho (CDFC).**

Mugihe uwashurashuje uwo mwigeme amufiseko ububasha (Umwigisha, umukuru w'idini, umuntu wo mumuryango wiwe, ...), ifashishe ifishi ya 5 kugira umenye ico wokora igihe « Gufatwa kunguvu bikoze n'umuntu akuze ».

Kugira dushike ku mpinduka mukibano no kw'ishirwamungiro ry'amategeko y'Uburundi, birakenewe **ko abafata ingingo (abajejwe amagara y'abantu, abajejwe umutekano, abashinzwe intwari, abayobozi b'amashuri) hamwe n'abarongoye ikibano bagira uruhara m'ukurwanya ihohoterwa rifatiye ku gistina rikorerwa urwaruka.**

Ku vyerekeye amategeko y'Uburundi :

Itegeko 1/27, igitabo c'amategeko mpanavyaha 2017, Umutwe 8 - ivyaha bikorerwa umuryango n'imico rusangi.

Ikigabane ca 2 - Ivyaha bibangamira imico myiza Igice 2 - Gukora ibitera soni : ingingo ya 572 gushika 576 ; Igice 3 – Gufatwa ku nguvu : ingingo ya 577 gushika 585 ; igice ca 4 – ihohoterwa rifatiye ku gitsina: Ingingo ya 586


Ibwirizwa inomero 1/13 ryo ku wa 22/09/2016 ryerekeye ugukinga n'uguhasha amabi afatiye ku gitsina hamwe n'ugukingira abakorewe ayo mabi.

5. Kuryosharyoshwa n'abamukurira bikavamwo kumusambanya

Abigeme benshi bavyaye bakiri imiyabaga barashikirije ko bishika **bakaryosharyoshwa n'abantu basanzwe babakurira** mbere bigatuma abo bigeme **bapfana isoni n'ubwoba bakemera bakabwegera mu busambanyi kuko babafiseko ububasha.**

Iyo umwigeme aje kukwitura akubwira ko hari abamukurira bubahwa bariko bamukwegera mu nzira z'ubusambanyi, ngizi intambwe wokurikiza :

1. Tangura umubwire **ko ataco yokwiyagiriza, ko kubivuga ari vyiza gusumba kutabivuga.**
2. Nibisanzwe ko haba ingaruka mbi n'akabonge, uburuhe canke kubura itiro, ingorane zijanyen'imigenderanire canke kutiyemera.
3. Mwibutse ko ategerezwa **kwigira kure umuntu amusumba badasangiye igitsina.**



4. Ubona ko intahe yawe ishobora kumufasha kugira nawe akwiganire ibimushikira, muyagire ivyagushikiye.
5. Musabe akubwire ido nido igihe ivyo vyatanguye, **umufashe akubwire vyose ingene vyifashe**

kuko birakenewe:

- Ivyashitse vyabereyehehe? Ryari? Hoba hariho amasura?
- Ivyatumye yoroherwa kugira amushikire
- Ko nubu bakivugana n'uyo muntu.

6. **Nimba hari ivyo bavuganye nuyo muntu kuri terefone (akarorero nk'ubutumwa), ategerezwa kubigumya.**

7. Mubaze ko arakora imibonano mpuzabitsina nuyo muntu.

8. Arivyo :

- **Muhanure ko yobiheba kandi ko yomubwira ko atagikeneye kugira imibonano mpuzabitsina nawe.**
- Muhe impanuro (wisunze ifishi n° 1).
- Nimba batari bikingiye : muhe impanuro (ifishi n° 2).

9. Atarivyo :

- **Mubwire amumenyeshe ko atipfuzaga nagato ko bogira imibonanao mpuzabitsina.**

10. Mubwire ko naho uzi ko ivyo bintu biteye ubwoba kuvuga, ariko kwubahuka kubwiza ukuri umuntu agukurira bishoboka. Musabe ko nimba yumva ataco vyomwicira k'umutekano wiwe, **abwire uwo muntu ko yohagarika iyo nyifato**, kandi abivuge atekanye atakurya umunwa.

Yomubwira nkuku:

« **Narakubwiye « Oya » igihe wambwira ko twosohokana kandi sinzohindura icyumviro.**

Utabihagaritse, ntegerezwa kubibwira umuyobozi (umukoresha, umurezi, umufasha wawe ...). »

« Ntegerezwa kubivuga niwankorako (canke unyagisha kuri aya majamba ankwegakwegera mubushurashuzi). »

« Ego ndatahura ibintu vyo gutebura, ariko ivyo uriko uravuga si inkuru, ni ibintu bitwara munzira itariyo. Utabihagaritse, ntegerezwa kubivugira hejuru.

11. Mubwire ahagarike imigenderanire, **ntazosubire kuja iwe kandi ntasubire kuba ari wenyene bari kumwe.**

Mubwire amwigire kure/ ntagendere iwe kandi ntamwiyegereze.

12. Nimba yaragerageje kubibwira uwo muntu amukurira akabona ntabihagaritse, canke akiumva ko adatekaniwe ingene yobimubwira:

- Mubwire **arondere umuntu w'umwizigirwa (umugenzi, uwo bakorana, umuvyeyi, incuti...)** yomuherekeza agiye kubibwira uwo muntu amukurira.
- **Azane ikintu cose canditse bandikiraniye** kibaye kiriho.
- Ategerezwa **kumenya ingene azokingirwa igihe azobishikiriza.**
- Ategerezwa **kwandika mu gihe bahuye** (vyabaye ryari, hari nde, bavanye gute) hamwe iyo nyifato yoba ikibandanya canke ingene yoba yarahanywe kuko yabivuze.

13. Mubwire **abwire iyindi miyabaga ingorane uwo muntu atera.**

14. Hari amabi atemewe kandi **ategerezwa gushengezwa mu gipolisi**, nka karorero:
 - Gutera igitsure/ gukangisha ko uzomukubagura
 - Gukubagura
 - Inyifato yerekeza gusambanya abana bakiri bato (munsi y imyaka 18).
15. Mubwire **ntahindure ikibanza** bijanye nivyoy arimwo na cane cane iyo akiri
16. Guhindura ishuri canke akazi ni ibintu vyo kwiyumvira ubwanyuma **mu gihe yobona ko umutekano wiwe ubangamiwe** canke guhindura inyifato vyananiwe.
17. Musabe kandi **abibwire abavyeyi** mugihe abafise kugira babimenye bagire ico bamuhanuye.
18. Musabe ko **mwo subira kubonana nimba avyipfuzwa** kandi umwibutse ko atari wenyene kandi akingiwe.

Ubutumwa wokwitwararika kumenya :

Birashika kenshi ko abigeme **bakwegerwa m'ubusambanyi m'uburyo butandukanye n'abantu babafiseko ububasha** ugasanga biranabagoye kubivuga no kubivamwo. Uko vyoba bimeze kose, birakenerwa guhanura umuyabaga .

- Kudahishira umuntu ashaka kugukwegera mungeso mbi
- **Kutigera aba wenyene ari kumwe n'uyo muntu akuze**
- **Kubiyaga n'abantu b'abizigirwa canke bafise ijunja n'ijambo mu kibano** (abahuza bo ku mitumba, abakuru b'amashirahamwe, abarongozi bo mu kibano, abapolisi....)
- **Kubika neza ivyemezo vyoba bihari**
- **Kuronka amasura akurira uwo muntu canke igipolisi mu gihe co kuburana.**

Amategeko yu Burundi yerekeye gukingira abantu bari muni yimyaka 18:

Itegeko 1/27, Igitabo c'abamategeko mpanavyaha co mu myaka wa 2017, Umwita w'u 8 - Ivyaha bikorerwa umuryango n'imico rusangi , Ikigabane ca 1 - Ivyaha bibangamira ingo n'imiryango, ikigabane ca 2 - Ivyaha bikorerwa urwaruka : ingingo ya 535 gushika kuri 548. Igice ca 2 - Ivyaha bibangamira imico myiza Ikigabane ca 2 - Kubangamira ubuntu (gukora ibirerasoni) : ingingo ya 572 gushika kuri 576 ; gice ca 3 – Gufata ku nguvu : ingingo ya 577 gushika kuri 585 ; Ikigabane ca 4 – ihohoterwa rifatiye ku gitsina: ingingo ya 586.

Ibwirizwa inomero 1/13 ryo ku wa 22/09/2016 ryerekeye ugukinga n'uguhasha amabi afatiye ku gitsina hamwe n'ugukingira abakorewe ayo mabi.

6. Umuryango ushaka kurongeza ku gahato umwigeme yatwaye inda atipfuje

Abigeme benshi bavyariye iwabo barashikirije ko benshi iyo batwaye inda baba abakiri kuntebe y'ishure canke abatabandaniye, abavyeyi babatoteza ngo vyanse bikunze bavuge uwamuteye iyo nda. Baravuze kandi ko intumbero, ahanini ari ukugira barondere uwo nyeneyo kugira ngo babarongoze kugahato kugira bagumane iteka n'icubahiro mu muryango.

■ Azane ikintu cose candidse bandikiraniye kibaye kiriho.

1. Mushimire kubona yituye wewe kugira agushikirize ikibazo ciwe. Mubaze imyaka yiwe.
2. Mwibutse ko **imyaka yo kwubaka irekuwe ku bigeme aha mu burundi ari 18, ku muhungu nawe ari 21.**
3. Mubarire ko ukiri umunyeshure amategeko agenga ingo n'imiryango m'Uburundi aguma agufata nk'umwana, utarekuriwe kurongorwa canke kurongora.
4. Mubwire ko **kugira ubugeni hategerezwa kuba umvikano hagati y'umuhungu n'umukobwa**, kuko ni icemezo c'ubuzima bwose kandi wemeye kubakana n'umuntu mutabanje gusezerana nawe imbere y'amategeko, bizokugora gutandukana nawe.
5. Mubwire ko **kwubaka urugo (kugira ubugeni) ku gahato bitemewe** n'amategeko ku myaka iyariyo yose (raba ubutumwa wokwitwararika kumenya bwo kuri iyi fishi).
6. Mubwire ko **kwitura abantu canke ibigo n'inzego** (CDFC, intwari, igipolisi) bituma bimukingira ntiyubake hatabaye umwumvikano.
7. Mubwire ko nimba hari abo amaze kwitura ntiyubake ico bashikako, **arondere abandi bantu canke izindi nzego atarashikira boshobora kumufasha.**



8. Nimba **afise ubwoba ko abavyeyi bashobora kugira ingorane** (nk'akarorero bamaze gutora inkwano) mwizeze ko ata ngorane bazogira naburya batazoba baramurongoza ku nguvu.
9. Mubaze ko abavyeyi hamwe n'abavukanyi biwe bamufata uko bahora bamufata ataravyara hanyuma umumenyeshe ko **gufatwa nabi bibujijwe kandi ko bihanwa n'amategeko.**
10. Mwizeze ko naho kuba umukobwa yavyariye iwabo bigoye **hariho izindi nzira zo gushobora kwibeshaho atari uko kurongorwa ku nguvu** kandi ko azoshobora kwubaka hanyuma igihe azoba abishaka.
11. Mubaze kandi **ko hari umuntu canke abantu se na nyina bubaha bashobora kumufasha kubumvisha** kugira ngo bemere kuganira ivy'uwo mwana yaje akugana.
12. Usanze hoba hariho **abandi bantu yumva yizeye**, mubaze ko wobarondera mukagenda mujanye kuganira n'abo bavyeyi.
13. Avyemeye ubarondere mujane.
14. Ata muntu w'umwizigirwa afise, musabe ko womuherekeza mugabo ntiwijane, **rondera uwo mujana abifsemwo ubumenyi** (umukozi wa Biro bijejwe ingo n'imibano, indongozi yo mu kibano).
15. Mubaze ko yoba amaze **gupimisha iyo nda kwa muganga**: ataragenda, muhimirize aze agende, umubarire ko iciza ari ukugenda imbere y'uko ikwiza amezi 3 kugira aronke impanuro hakiri kare.
16. Mwibutse ko **kizira kikazirizwa gukorora inda.** (raba ifishi ya 3)
17. Muguheraheza, musabe ko mwosubira kubonana kandi ko **ategerezwa kuvuga atabwoba ivyamushikiye kugiraashobore gufashwa bibereye.**
18. Muhimirize **kuja mw'ishirahamwe ryo gushigikirana** kugira abashe gukorera hamwe n'abandi ibikorwa bibazanira uburyo bwo kwibeshaho.

Ubutumwa wokwitwararika kumenya :

Iyo umwigeme aje akwitura akumenyeshya ko abavyeyi bashaka ko yubaka kunguvu **kugira nta-teze icyeyi umuryango** nawe nyene kimuveko, ni vyiza ko womwumviriza na cane ukamusigurira ko **gushinga urugo ata gahato gategerezwa kujamwo, ko ari gushaka kw'umuhungu n'umukobwa** kandi bifise n'amategeko y'ingo n'imiryango abigenga. Womubwira ko bihanwa n'itegeko mpanavyaha ry'Uburundi ryo mu 2017 hamwe n'itegeko ryo mu mwaka w' 2016 ryerekeye ugukin-ga n'uguhasha amabi afatiye ku gitsina hamwe n'ugukingira abakorewe ayo mabi.

Iyo umwigeme yumva atoja kubiri n'itegeko ry'abavyeyi rimutegeka kuja kwubaka, ni vyiza ko ufa-ta akanya ko kumuhumuriza ukagerageza kumwereka ingaruka mbi zo kubana n'uwo atiyumvam-wo hanyuma ugaheza ukamurungika kubajejwe ivy'ingo n'imiryango bamwegereye (CDFC), nabo baraheza bagatumako umuryango w'umukobwa kugira basigurigwe **ingaruka mbi zo kurungika kurongorwa kugahato** umwigeme, ku magara yiwe.

Mugihe batashoboye gutahura ko umwigeme adakwiye kurongozwa kugahato kandi atabishaka, abajejwe ivy'ingo n'imiryango baraheza bagafasha umwigeme ku vyerekeye ubutungane.

Amategeko y'u Burundi akingira abantu batarakwiza imyaka 18: itegeko 1/27, igitaho c'am-ategeko mpanavyaha yo mwaka wa 2017, Umutwe w'u 8 - Ivyaha bikorerwa umuryango n'imico rusangi, ikigabane ca 1 - Ivyaha bibangamira amateka y'imiryango ikigabane ca 2 - Ivyaha bikorerwa abana: ingingo ya 535 gushika kuri 548 n'igice ca 5.

Itegeko n°1/13 ryo kuwa 22 Nyakanga 2016 ryerekeye ugukin-ga n'uguhasha amabi afatiye ku gitsina hamwe n'ugukingira abakorewe ayo mabi: kurwanya kwubaka ku gahato: ingingo ya 2 na 39.

7. Umuvyeyi yankira umwana kuja mu nyigisho z'irondoka rijanye n'amagara meza

Abigeme benshi bavyariye iwabo barashikirije ko **benshi batwara inda kukutamenya** kuko hariho abavyeyi bamwe bamwe bankira abana babo gukurikirana inyigisho ziraba ivyirondoka rijanye n'amagara meza kandi **n'abo bavyeyi batabafasha kubibasigurira**. Mu gihe umwigeme aje kukwitura ko umuvyeyi wiwe amubuza kuja mu nyigisho, womwumviriza ukamubwira n'ingene yoyyifatamwo mu kugumana inyifato yo gusonera abavyeyi.

Ngizi impanuro womushikiriza:

1. Mwumvishe ko vyiza **yobanza agasigurira umuvyeyi akamaro k'izo nyigisho** (raba ubutumwa wokwitwararika kumenya).
2. Kuri izo nyigisho za mbere, ashobora **gusaba ubufasha** umwigisha wo kwishure yigako canke uwundi muntu w'umwizigirwa.
3. Umuvyeyi yanse :
 - Mugire inama yo kuja kurondera abandi bantu bomufasha kuvyumvisha abavyeyi biwe(CDFC, abaremeshakiyago, abandi bavyeyi babitahuye).
4. Umuvyeyi abandaniye kwanka :
 - Muhanure yiture abajejwe intwari (umukuru w'umutumba, musitanteri) kugira bumvishe abo bavyeyi **akamaro k'inyigisho zerekeye irondoka rijanye n'amagara meza kandi ko uwo ari umugambi w'igihugu**.
5. Ibutsa umwigeme **abantu n'ibibanza vyose ashobora kuronkamwo amakuru ajanye n'iron doka rijanye n'amagara meza inyuma y'inyigisho**.



Ubutumwa wokwitwararika kumenya :

Ivyankenerwa vy'abana, imiyabaga n'urwaruka ku buzima biratandukanye. Kugira ube umuntu akuze, akunda, yubahwa, ameze neza; abana, imiyabaga n'urwaruka bakeneye:

- Urukundo, kwiyumvamwo (urukundo, kwiyegerezwa, guhumurizwa)
- Kwemerwa, kwungura ubumenyi, **kwihesha agaciro no kumenya umubiri wiwe**
- Amakuru ajanye nivyifuzo vyabo akurikije uko bagenda barakura
- **Gushigikirwa bifashe** bituma atere imbere mu bumenyi, gutandukanya icatsi n'ururo n'inyifato ibereye mu vy'urukundo no mu migenderanire
- Uburyo bwo gushobora kwerekana ibishobisho, akarangamutima, ivyifuzo no kumenya ikizira (akarimbi ntarengwa), kwumvirizwa no kwubahwa
- Gukingirwa no kugira ubushobozi bwo kwikingira (kwirinda ihohoterwa, gutotezwa, ivyago vy'ubwoko bwose harimwo n'ivyago ku magara, n'ibindi)
- Kugira **uburenganzira bwo kuronswa ubufasha mu vyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza** bivanye nivy'o bakeneye.

Ni ngombwa ko umuvyeyi yomenya ivyankenerwa vy'abana n'imiyabaga mu vyerekeye urukundo n'imigenderanire harimwo n'ivyerekeye irondoka rijanye n'amagara meza kugira ngo bashobore gufata ingingo zibereye. **Abavyeyi bompi barafise uruhara mu ndero y'abana babo mu vyerekeye urukundo n'imigenderanire.**

Nk'abavyeyi/ umuryango, bafise uruhara ntangere mu ndero y'abana kugira bamenye ibijanye n'ivy'urukundo n'imigenderanire hagati yabo. Iyo ataco bavuze, baba bahaye ubutumwa umwana ko atobitura mu gihe afise abibazo n'imyitwarariko y'ubuzima bwabo, ko imibiri n'ibishobisho vyabo ari ibiterasoni.

Indero yerekeye urukundo n'imigenderanire, birengeye kuvuga gusa ivyerekeye inyifato muvyerekeye guhuza ibitsina n'ingarukambi zavyo, **biranafasha umwana kwubaka umwidondoro wiwe**

(kwimenya), kwiga uburyo bwo gutunganya ivy'ibanga ryiwe no gushikiriza ibishobisho n'ibigumba kandi acungereye umutekano wiwe, amagara yiwe no kwubaha abandi.


Ni ngombwa gutahura ivyerekeye indero n'imigenderanire bitagarukira gusa ku makenga n'ingene umubiri wubatse. Hariho n'urundi ruhande rwiza: icubahiro c'umubiri no kubaha ubudasa bw'ingene abantu bameze, gusabikanya, kwungurana ivyiyumviro, gukundana, gushigikirana, kwinezereza, urukundo, kurondoka, ubumwe no kugira umugambi wo gushinga urugo, n'ibindi.

Indero yerekeye urukundo n'imigenderanire ntigenewe umuntu umwe gusa ariko ni uruhara rwa bose (abavyeyi, abigisha, abandi barezi, n'abandi).

Mu gihe umuvyeyi yankiye umwana wiwe kuja mu nyigisho z'irondoka rijanye n'amagara meza, wohanura uwo mwana akwituye gushikira abamufasha (Abaremeshakiyago, CDFC, ibigo n'amashirahamwe, abandi bavyeyi babitahuye,) akabiganira ico kibazo, maze abo bafasha bagaca bashikira abo bavyeyi kugirango babasigurire akamaro k'izo nyigisho k'urwaruka. Umuvyeyi abandaniye yanka, abo bafasha baraheza bakabishikiriza intwari. Iyo uwo muvyeyi ashishikaye gukomantaza umutima bobandanya bamuhanura kandi bamusigurira bakongera bagafasha uwo muyabaga ingene yoronka ubundi buryo amakuru akeneye (mu bitabu, mu ma radiyo, n'ahandi).

8. Umukobwa yavyaye bishika agakumirwa asubiye kw'ishure

Amategako ngenderwako agenga abanyeshure m'Uburundi aratomora neza ko umwigeme yatwaye inda, yirukanwa kw'ishure ariko ko **iyu amaze kuvyara afise uburenganzira bwo gusubira mw'ishure inyuma y'umwaka**, umwana acutse, ariko agahindura ishure, ntagume kuryo yahorako. Iryo bifise intumbero yo gukingira uwo mwigeme kugira ntatungwe agatoke. Ariko naho bimeze uko, birashika ko **umukobwa asubiye kw'ishure bikamenyekana ko yavyaye, abandi bana barashobora kumukumira**. Umukobwa yavyaye akiri umunyeshure iyo asubiye kw'ishure, aba yerekanye ubutwari kuko bitoroshe kwiga ufise umwana. Kubera ivyamushikiye, arabangamirwa n'ikumirwa gusumba abandi, uko kumwinuba bishobora kumutuma agira abagenzi b'ingeso mbi bigashobora kumukwegera m'ubusambanyi. Inyuma y'amakuba yo gutwara inda atipfuye kandi atarubaka, ayo mageragezwa arashobora kumuremera.



Aje kukwitura:

1. Tangura **umubwire ko wumva uburemere bw'ingorane ziwe mugabo ko bishoboka gutora inyishu yico kibazo** naho ata nyishu ubona muri aka kanya.
2. **Mukengurukire kubona yarashoboye gusubira kw'ishure**, mubaze ishure yigako n'umwaka agezemwo.
3. Mubaze ko abandi bana bigana n'abigisha biwe boba bazi ivyamushikiye ubwa mbere.
4. Mubaze **ingene abona bamufata**.

5. Nimba ari ukwinubwa gukorwa na benshi:
- Mufashe **gutora abantu bo kuri iryo shuri batamubona nabi** kandi umusa-be ko yobiyegereza kugira aronke ubufasha bwotuma adasubira gukumirwa.
 - Mufashe kurondera abantu boshobora gutegura **ibiganiro/inyigisho** kubigeme boba batwaye inda batipfuzwa.
 - Ni haba kuriryo shure at'abaremeshakiyago bahari, musabe kujana nawe kw'ishure **kugira ushobore kuvugana n'umuyobozi w'ishure kubijanye n'ikumirwa** akorerwa n'abandi banyeshure unamusabe ko yo muba hafi akaza aramufasha.
6. Nimba ari **itotezwa canke gutuntuzwa bikorwa n'umuntu umwe, yaba umwana canke uwukuze : raba ifishi ya 5.**
7. Mufashe **kurondera umuntu canke abantu benshi bo mu micungararo y'ishure bashobora kumufasha :**
abigisha (nk'akarorero abaremeshakiyago bo murunani bakorera ku mashure), CDFC, abakora kw'ivuriro ritoya.
8. Mutere intege **yinjire mw'ishirahamwe ryo gufatana mu nda ry'abigeme bavyaye bakiri imiyabaga kugira yumve ko ari mubandi kandi arangure ibikorwa vyo kurondera impinduka** (gushinga intahe) kugira intumbero yo kugabanya ikumirwa rigirirwa abakobwa bavyariye iwabo.

Ubutumwa wokwitwararika kumenya :

Umwigeme yavyariye iwabo asubiye kwishure arabangamirwa n'ikumirwa no gutotezwa. **Arakeneye rero kwumva ko utahura ikibazo ciwe** kandi ukumva ko ari ikibazo kitoroshe, kandi ukongera ukamumenyesha ko, atari wenyene, **ko abantu bose batamurwanya** kandi ko inyishu zihari. Intumbero nuko yoronka ubufasha no **kumutera intege yo kuguma mw'ishure.** Birakenewe gutandukanya mu gihe c'ibiganiro ko ari ikibazo co gukumirwa n'imirwi y'abanyeshure,

canke umuntu umwe, hanyuma **ugatandukanya gukumirwa no gutungwa agatoke k'uruhande rumwe n'ikibazo co gutotezwa canke igikorwa gifise intumbero yo guhatira umuntu gukora ivyo wipfuzwa witwaje ububasha umufiseko, ukoreshye inguvu canke akagobero canke hakoreshywe iterabwoba mu buryo bugaragara canke bwihishije.** Muri ico gihe uca uraba ifishi ya 5.

Iyo ibintu nkibi bishitse, uwo munyeshuri yavyariye iwabo **yokwitura abaserukira abandi n'abarezi batowe** (père et tante-école) mu vyerekeye ironzoka rijanye n'amagara meza kugirango nabo bahanure urundi rwaruka kuvavanura n'iyonyifato kandi ko umukobwa yavyariye iwabo afise uburenganzira bwo kubandanya amashuri.

Bibandaniye **n'ukubwira abavyeyi b'uwo mwigeme bakabandanya bamushigikira.** Uko biri kose ubandanya umuha impanuro zo kudacika intege ngo bitume atiga neza canke ngo ahebe ishuri. Wobwira uwo mwigeme ntiyihabura kuko vyohabura bimugirira ingaruka mbi k'umwimbu wo mu'ishuri, bigatuma aronka amanota mabi, bikanatuma aheba ishuri.

Ariko rero mu gihe umuyobozi abifashe minenerwe canke ugasanga arafise umuhira uca witura komite y'abavyeyi kugirango bagire icyababivuzeko vyanze **akajya kuwubakurira** (Umuyobozi w'indero mu'ishuri komine vyanze umuyobozi w'indero mu ntara).

Umukobwa yavyaye akiri kw'ishuri ntashubira kwiyumva (kwiyemera) bikanatuma vyorohera abahungu b'ingeso mbi kumuryoshyoshya bamubwira ko bamwemera naho afise umwana. Birashoboka ko yisanga yatwaye iyindi nda, agasanga yahevyeye ishuri, canke yirukanywe burundu kw'ishuri. Iyo bidakunze **yokwinjira mu mashirahamwe yo gufashanya** (ishirahamwe ry'abakobwa bavyaye bakiri iwabo) kugira bigishanye, baterane intege.